



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE INITE KONT KRIM RAYISAB NAN LAPOLIS ETA A
ENSTWIKSYON POU YO MENNEN ANKÈT SOU SWASTIKA KI NAN PAK ETA A
NAN KONTE SUFFOLK**

“Byen bonè jodi a, yon moun ki t’ap kouri nan pak Nissequogue River State Park ki nan Konte Suffolk lan te kontre ak yon swastika ak yon slogan sipremasis moun blan rayisab ke yo te make ak lakrè sou wout pou bisiklèt la. Zak rayisab detestab sa a pwofondeman twoublan, espesyalman nan yon moman gwo divizyon epi apre atak anti-Semit ki te pi mòtèl nan istwa nasyon sa a.

Nan New York nou gen yon politik zewo tolerans kont entolerans. Mwen bay Inite Kont Krim Rayisab nan Lapolis Eta a lòd pou li mennen ankèt sou zak malonèt sa a epi pou li fè moun ki responsab sa yo sibi tout konsekans lalwa prevwa yo. Moun New York yo konnen ke mo ki gen sis lèt ki pi pwisan an se pa layèn— se lanmou.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib yo sou sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE SOUSKRIPSYON OU](#)